

# **AKÒ POU PWOGGRAM ASISTANS PÈSONÈL KLIYAN DIRIJE ANT**

## **KLİYAN AN/REPREZANTAN DEZIYEN AN AK**

### **DEPATMAN SÈVIS SOSYAL LOKAL LA**

Non Kliyan an: \_\_\_\_\_

Non Reprezantan Deziyen an (si sa aplikab): \_\_\_\_\_

Depatman Sèvis Sosyal Lokal (LDSS): \_\_\_\_\_

#### **I. AKÒ POU PWOGGRAM ASISTANS PÈSONÈL KLIYAN DIRIJE (CONSUMER DIRECTED PERSONAL ASSISTANCE PROGRAM, CDPAP)**

Pwogram Asistans Pèsonèl Kliyan Dirije a ("Pwogram" nan) se yon pwogram pou moun ki resevwa Medicaid ("Kliyan") ki bezwen sèvis swen adomisil, tankou èd pou swen pèsonèl ak sèten sèvis sante adomisil ak sèvis enfimyè espesyalize. Pwogram nan bay Kliyan yo plis fleksibilite ak libète pou yo chwazi lè li pèmèt yo dirije pwòp swen pa yo, tankou chwazi pwòp asistan pèsonèl yo dapre otorizasyon Depatman Sèvis Sosyal Lokal (Local Department of Social Services, LDSS) yo a.

Pou patisipe nan Pwogram nan, Kliyan yo dwe kapab dirije pwòp swen pa yo epi konprann ak ranpli responsablite Kliyan yo nan Pwogram nan oswa genyen yon Reprezantan Deziyen ki pral fè sa pou yo. Kliyan an oswa Reprezantan Deziyen an dwe konprann tou wòl ak responsablite LDSS la ak Entèmedyè Fiskal Eta a (Statewide Fiscal Intermediary, SFI) nan Pwogram nan.

Jan yo itilize I nan tout akò sa a, tèm "Kliyan" an gen ladan tou Reprezantan Kliyan an Deziyen lè sa aplikab, sof si li presize yon lòt jan. Jan yo itilize I nan tout akò sa a tèm "mwen" ak "mwen" an pral refere a Kliyan an oswa altènativman a Reprezantan Kliyan an Deziyen lè sa aplikab epi selon kontèks la.

Akò sa a dekri wòl ak responsablite kliyan an ak LDSS la nan Pwogram nan. Kliyan an dwe antre nan akò sa a pou li admèt ke li konprann wòl ak responsablite yo epi pou li patisipe nan Pwogram nan. Kliyan an dwe antre nan yon akò separe tou ak SFI a, ki pral dekri wòl ak responsablite Kliyan an ak SFI a.

#### **II. RESPONSABILITE KLIYAN AN AN/REPREZANTAN DEZIYEN AN:**

Antanke yon Kliyan k ap patisipe nan Pwogram nan, m ap:

1. Li ak konprann akò sa a ak wòl ak responsablite LDSS la, SFI a, ak Kliyan an nan Pwogram nan.
2. Travay ak [SFI a pplfirst.com/programs/new-york/ny-consumer-directed-personal-assistance-program-cdpap/](http://SFI%20a%20pplfirst.com/programs/new-york/ny-consumer-directed-personal-assistance-program-cdpap/) kòm entèmedyè fiskal mwen. Mwen konprann ke mwen ka chwazi travay ak youn nan [fasilitatè CDPAP yo pplfirst.com/cdpap-](http://fasilitat%C3%A8%20CDPAP%20yo%20pplfirst.com/cdpap-)

facilitators/ ki gen kontra avèk SFI a, men ke SFI a pral sèl entèmedyè fiskal mwen kapab travay avèk li.

3. Jere plan swen mwen.
4. Responsab pou rekritman, anbochaj, fòmasyon, sipèvizon, ak pwograme orè travay yon kantite moun sifizan ki kalifye ke mwen chwazi pou sèvi kòm asistan pèsonèl mwen (yo) dapre otorizasyon LDSS mwen an.
5. Garanti yon plan rezèv pou ranplase lè yon asistan pèsonèl pa disponib tanporèman pou nenpòt rezon.
6. Kenbe yon anviwònman apwopriye nan kay la.
7. Revize plan swen an ak chak asistan pèsonèl pou dekri responsabilite yo.
8. Asire m ke asistan pèsonèl mwen an (yo) fè sèlman travay yo idantifye nan plan swen an pandan lè otorize yo an sekirite epi ak konpetans.
9. Konfòme m ak lwa travay, bay opòtinite travay egal jan sa espesifye nan akò kliyan an ak SFI a.
10. Enfòme LDSS la ak SFI a nan senk (5) jou ouvrab sou nenpòt chanjman nan estati oswa kondisyon sante m, ki gen ladan men pa sèlman entène lopital, chanjman adrès ak nimewo telefòn ak vakans.
11. Mete fen nan travay yon asistan pèsonèl, si sa nesesè.
12. Fè SFI konnen nenpòt chanjman nan sitiyasyon travay yon asistan pèsonèl.
13. Asire m ke yo soumèt bay CDPAP SFI a dokiman ki obligatwa pou asistan pèsonèl mwen yo ansanm ak evalyasyon sante travayè chak ane ak dokiman travay ki obligatwa yo.
14. Asire m ke asistan pèsonèl mwen an (yo) respekte obligasyon pou Verifikasyon Elektwonik Vizit (Electronic Visit Verification, EVV) yo, ansanm ak sa ki dekri nan Gid ak Kondisyon Pwogram EVV yo, [health.ny.gov/health\\_care/medicaid/redesign/evv/repository/docs/evv\\_prog\\_guidelines.pdf](http://health.ny.gov/health_care/medicaid/redesign/evv/repository/docs/evv_prog_guidelines.pdf)
15. Sètifye ke lè travay pou asistan pèsonèl mwen an (yo) kòrèk, swa atravè sistèm done SFI EVV, aplikasyon SFI Time4Care, oswa lè mwen siyen fich tan asistan pèsonèl la.
16. Distribye chèk travay enprime bay chak asistan pèsonèl, si sa aplikab.
17. Konfòme m ak egzijans kalifikasyon Pwogram nan, tankou patisipe, jan sa nesesè, nan pwosesis evalyasyon ak re-evalyasyon obligatwa yo.
18. Fè rapò bay Depatman Sante (Department of Health) oswa Biwo Enspektè Jeneral Medicaid (Office of the Medicaid Inspector General, OMIG) a epi pran nenpòt desizyon ki nesesè pou facilite remèt nenpòt peman anplis oswa peman ki pa apwopriye nan pwogram Medicaid ki te fèt bay asistan pèsonèl mwen (yo).

### **III. RESPONSABLITE ADISYONÈL REPREZANTAN DEZIYEN AN**

#### **SÈLMAN:**

Anplis responsabilite ki endike anwo a ke mwen menm, antanke Reprezantan Deziyen, mwen dwe fè nan non Kliyan an, mwen pral:

1. Mete m disponib pou m asire responsablite kliyan yo fèt san pèdi tan.
2. Disponib ak prezan pou nenpòt evalyasyon oswa vizit ke evalyatè endependan an, pwofesyonèl medikal k ap fè evalyasyon an, oswa LDSS a pwogramme lè manm nan pa otonòm.

#### **IV. RESPONSABILITE DEPATMAN SÈVIS SOSYAL LOKAL LA:**

LDSS dwe bay Kliyan an materyèl edikatif ekri ki dekri wòl ak responsablite Kliyan an pou asire ke y ap fè yon chwa ki edike ak enfòme pou resevwa sèvis Pwogram nan epi li pral:

1. Detèmine kalifikasyon Medicaid anvan otorizasyon sèvis yo.
2. Detèmine si Kliyan a (ki pa Reprezantan Deziyen an) kalifye pou Pwogram nan epi si yo ta dwe otorize swen adomisil oswa sèvis swen pèsonèl.
3. Detèmine si Kliyan an kapab ak vle pran tout responsablite ki asosye ak patisipasyon I nan CDPAP oswa si li gen yon Reprezantan Deziyen ki kapab ak vle aji nan non Kliyan an.
4. Apre chak evalyasyon sante kominotè, diskite epi dokimante plan Kliyan an oswa Reprezantan Deziyen an pou garanti gen sipò adekwa ki disponib pou satisfè bezwen Kliyan an.
5. Apre chak evalyasyon sante kominotè, devlope ansanm ak Kliyan an oswa Reprezantan Deziyen an yon plan sèvis/plan swen ki santre sou moun, ki dekri travay asistan pèsonèl la dwe ranpli.
6. Kenbe yon kopi plan sèvis ki santre sou moun ak plan swen an nan dosye Kliyan an epi bay ni Kliyan an ni Reprezantan Deziyen an yon kopi.
7. Otorize kalite/kantite sèvis yo ak kantite èdtan ki kalifye yo.
8. Otorize sèlman sèvis Pwogram yo bay atravè SFI.
9. Envestige rapò ki soti nan SFI a ki endike ke kliyan an pa satisfè responsablite li yo.
10. Evalye sou yon baz pèmanan si Kliyan an bezwen swen pèsonèl, swen sante adomisil, oswa yon lòt nivo sèvis.
11. Enfòme Kliyan an ak Reprezantan Deziyen an ke sèvis Pwogram yo ap diminye oswa sispann si LDSS la detèmine sèvis sa yo pa apwopriye ankò epi, si sa aplikab, refere Kliyan an nan lòt pwogram ki apwopriye yo.
12. Bay Kliyan an ak Reprezantan Deziyen an avètisman apwopriye pou odyans san patipri.

TOUT PATI AKSEpte WÒL AK RESPONSABLITE YO POU PATISIPE NAN CDPAP LA JAN SA EKSPLIKE PI WO A. RANPLI WÒL AK RESPONSABLITE KLIYAN AN SE YON EGZIJANS POU PATISIPASYON NAN PWogram LA. LÈ WÒL AK RESPONSABLITE KLIYAN YO PA RANPLI SA KA LAKÒZ SÈVIS PWogram YO SISPANN.

**Siyati**

---

Kliyan an

---

Dat

---

Reprezantan Deziyen an (si sa aplikab)

---

Dat

---

Depatman Sèvis Sosyal Lokal

---

Dat